# QARÍM-QATNAS HÁM ShAXSLAR ARALÍQ MUNÁSIBETLERDIŃ INSAN RAWAJLANÍWÍNDAǴÍ ORNÍ

**Sariev Rawshanbek Yusupovich –** *xızmetker*
rrlmlmilml@gmail.com
*Dene tárbiya hám sport boyınsha qánigelerdi qayta tayarlaw hám bilimin asırıw institutı Nókis filialı*

# РОЛЬ ВЗАИМОСВЯЗЕЙ И МЕЖЛИЧНОСТНЫХ ОТНОШЕНИЙ В РАЗВИТИИ ЧЕЛОВЕКА

**Сариев Равшанбек Юсупович –** *сотрудник*
*Нукусский филиал института переподготовки и повышения квалификации специалистов по физической культуре и спорту*

# RELATIONSHIPS AND INTERPERSONAL RELATIONS THEIR ROLE IN HUMAN DEVELOPMENT

**Sariev Ravshanbek Yusupovich –** *Employee Nukus Branch of the Institute for Retraining and Advanced Training of Specialists in Physical Culture and Sports*

**Tayanch so'zlar:** muloqot, shaxslararo munosabatlar, shaxsning rivojlanishi, sotsializatsiya, kommunikatsiya, empatiya.

**Rezyume.** Maqolada muloqot va shaxslararo munosabatlarning shaxs rivojlanishidagi ahamiyati, ularning ijtimoiylashuv jarayoniga ta'siri hamda kommunikativ ko'nikmalarni shakllantirishdagi o'rni tahlil qilinadi. Shuningdek, samarali muloqotning shaxsiy va kasbiy faoliyatdagi roli yoritib berilgan.

**Ключевые слова:** общение, межличностные отношения, личностное развитие, социализация, коммуникация, эмпатия.

**Резюме**. В статье анализируется значение общения и межличностных отношений в развитии личности человека, их влияние на процесс социализации и роль в формировании коммуникативных навыков. Также освещается важность эффективного общения в личной и профессиональной деятельности.

**Key words**: communication, interpersonal relationships, personal development, socialization, communication, empathy.

**Summary**. This article analyzes the importance of communication and interpersonal relationships in human personality development, their influence on the socialization process, and their role in the formation of communicative skills. The importance of effective communication in personal and professional activities is also highlighted.

**Kirisiw.** Zamanagóy jámiyette insannıń tabıslı jumıs islewi hár tárepleme onıń basqalar menen nátiyjeli qarım-qatnas jasay alıwına baylanıslı. Qarım-qatnas insan turmısınıń ajıralmas bólegi bolıp, shaxstıń qáliplesiwi, rawajlanıwı hám jámiyetke beyimlesiwinde áhmiyetli orın tutadı. Shaxslararalıq qatnasıqlar bolsa insannıń sociallıq ortalıq penen óz ara baylanısların belgilep, onıń qádiriyatları, dúnyaqarası hám minez-qulqınıń qáliplesiwine tásir etedi.

Qarım-qatnas adamlar ámelge asıratuǵın is-háreketler ishinde jetekshi orındı iyelep, ol insandaǵı eń áhmiyetli mútájlikti – jámiyette jasaw hám ózin shaxs dep esaplaw menen baylanıslı mútájlikti qanaatlandıradı. Sonıń ushın da onıń hár bir insan ushın áhmiyeti úlken [1, 8].

**Temaǵa baylanıslı ádebiyatlarǵa sholıw.** Búgingi kúnde arnawlı másele boyınsha psixologiyalıq ádebiyatlardı analiz qılatuǵın bolsaq tiykarınan qarim – qatnas hám shaxslar aralıq munasibetlerge baylanıslı mashqalalar eń kóp úyrenilgen baǵdar esaplanadı. Rus psixolog alımları: N.V.Kuzmina, V.A.Kruteckiy, Z.N.Vyatkina, N.I.Petrova, A.K.Markova, L.M.Matina, L.D.Stolyarenko hám basqalardıń tálim-tárbiya baǵdarında oqıtıwshı shaxsın psixologiyalıq jaqtan analiz qılıwındaǵı ilimiy – izertlew jumısları, ideyaları, kóz – qarasları. Ózbekstan psixolog alımları: M.G.Davletshin, E.Ǵ.Ǵoziev, R.Z.Gaynutdinov, V.M.Karimova, G.B.Showmarov, Z.T.Nishonova, Sh.R.Baratov, A.M.Jabborov, E.N.Sattarov, T.M.Adizova, A.Y.Rasulov, A.A.Zakirov hám olardıń shakirtleri (M.M.Mavlanov, B.N.Sirliev, L.S.Beknazarova, G.Berdiev, N.Sh.Azimov, E.B.Shuvanov, L.A.Normatova, N.S.Juraev), joqarıda kórsetilgen máseleni túrli jaǵdayda analiz qılınǵan [5].

A.I.Rasulov izertlew jumısınıń ózbek psixologiyasındaǵı jańalıǵı: Onda izertlewshi «Oqıtıwshı-oqıwshı» oz-ara munasibetine ayırıqsha toktalıp otken: shaxstıń oz-ara munasibetiniń socyal hámde orınların subyektiv rawishte anlaw menen baylanıslıǵın aytıp ótken».[9].

T.M.Adizova ilimiy basshılıǵında alıp barılǵan E.I.Ganievanıń izertlewlerinde oqıw - tarbiya processinde qarim – qatnas hám shaxslar aralıq munasibetlerge baylanisli usılı mashqalası uyrenilgen [3].

**Tiykargı bólim**. Qarım-qatnas bul insanlar arasında informaciya almasıw, bir-birin túsiniw hám óz ara tásir etiw procesi. Psixologiyalıq kózqarastan sóylesiw kommunikativlik, interaktivlik hám perceptivlik táreplerdi óz ishine aladı. Kommunikativ tárep informaciya almasıwdı, interaktiv tárep óz ara birge islesiwdi, perceptiv tárep bolsa sáwbetlesiwshini ańlaw hám túsiniwdi támiyinleydi. Shaxs rawajlanıwında qarım-qatnastıń áhmiyeti júdá úlken. Bárinen burın, insan sóylesiw arqalı sociallıq tájiriybeni ózlestiredi, ádep-ikramlılıq normaları hám qádiriyatlardı qabıl etedi. Shańaraq, bilimlendiriw mákemeleri hám teńlesler ortalıǵındaǵı qarım-qatnas shaxstıń sociallıq kompetenciyasın rawajlandıradı [7, 8].

Shaxslararalıq qatnasıqlar insannıń emocional jaǵdayına da úlken tásir etedi. Unamlı múnásibetler insanda isenim, awızbirshilik hám psixologiyalıq turaqlılıqtı qáliplestirse, unamsız múnásibetler stress, qáweter hám kelispewshiliklerdi keltirip shıǵarıwı múmkin. Sonıń ushın óz ara húrmet, keńpeyillik, empatiya hám birge islesiwge tiykarlanǵan qatnasıqlar shaxstıń bárkamal rawajlanıwında áhmiyetli faktor esaplanadı. Sonday-aq, nátiyjeli qarım-qatnas kommunikativlik sıpatlardı rawajlandıradı. Olar qatarına empatiya, sıylasıqlılıq, intakerlik, ádeplilik hám tıńlay alıw qábileti kiredi. Bul sıpatlar tek jeke ómirde emes, al kásiplik jumısta da tabısqa erisiwge xızmet etedi [2].

Qarım-qatnas – adamlardıń birgeliktegi iskerligi mútájliklerinen kelip shıǵatuǵın hár qıylı belsendilikleri dawamında bir-biri menen óz ara baylanısqa kirisiw procesi. Yaǵnıy, hár bir shaxstıń jámiyette atqaratuǵın iskerligi (miynet, oqıw, oyın, dóretiwshilik hám basqalar) óz ara múnásibet hám óz ara tásir formaların óz ishine aladı. Sebebi hár qanday is adamlardıń bir-biri menen til tabısıwın, bir-birine túrli maǵlıwmatlardı jetkeriwdi, pikir almasıw sıyaqlı quramalı sheriklikti talap etedi. Sonlıqtan da hár bir shaxstıń jámiyettegi ornı, isleriniń tabısı, abıray-mártebesi onıń qarım-qatnasqa kirise alıw qábiletine tikkeley baylanıslı.

Bir qaraǵanda ańsat kóringen shaxslararalıq qarım-qatnas negizinde júdá quramalı process bolıp, oǵan insan ómiri dawamında úyrenip baradı. Qarım-qatnastıń psixologiyalıq jaqtan quramalı ekenligi haqqında B.F.Parigin bılay jazadı: "Qarım-qatnas sonshelli kóp qırlı process, oǵan bir waqıttıń ózinde tómendegiler kiredi:

- individlerdiń óz ara tásir etiw procesi;
- individler ortasındaǵı informaciya almasıw procesi;
- bir shaxstıń basqa shaxsqa qarım- qatnası procesi;
- bir adamnıń basqalarǵa tásir etiw procesi;
- bir-birine kewil bildiriw imkaniyatı;
- shaxslardıń bir-birin túsiniwi procesi".

Shaxslar aralıq qatnastıń shaxs rawajlanıwındaǵı ornı negizinde hár bir insannıń sociallıq tájiriybesi, onıń insanıy kelbeti, pazıyletleri, hátteki, kemshilikleri de qarım-qatnas processleriniń jemisi esaplanadı. Jámiyetten ajıralgan, baylanısta bolıw imkaniyatınan ayırılgan adam ózinde individ sıpatların saqlap qalıwı múmkin, biraq ol shaxs bola almaydı. Sonıń ushın qatnasıqtıń shaxs rawajlanıwındaǵı áhmiyetin kóz aldımızǵa keltiriw ushın onıń funkciyaların analiz etemiz. Hár qanday sóylesiwdiń eń elementar funkciyası – sóylesiwshilerdiń óz ara bir-birin túsiniwin támiyinlew. Bul insanlarda shın júrekten sálem – álik, ashıq júz benen kútip alıwdan baslanadı. Onıń ekinshi áhmiyetli funkciyası sociallıq tájiriybege tiykar salıw. Adam balası tek adamlar dógereginde ǵana sociallasadı, ózine kerekli insanıylıq qásiyetlerdi qáliplestiredi.

Qarım-qatnastıń jáne bir áhmiyetli wazıypası – ol adamdı ol yaki bul iskerlikke tayarlaydı, ruwxlandıradı. Adamlar toparınan uzaqlasqan, olar názerinen shıqqan adamnıń qolı jumısqa da barmaydı, barsa da jámiyetke emes, al tek ózine payda keltiretuǵın islerdi isley múmkin [2].

Solay etip, qarım-qatnas adamlardıń jámiyette óz ara birge islesiwdegi iskerliginiń ishki psixologiyalıq mexanizmin quraydı. Házirgi jańa demokratiyalıq qarım-qatnasıqlar sharayatında túrli óndirislik qararlardı jeke tártipte emes, al kollegial-birgelikte shıǵarıw zárúrligi payda bolǵanın esapqa alsaq, adamlardıń qarım-qatnas mádeniyatı hám sóylesiw texnikası miynet ónimdarlıǵı jáne nátiyjeliliginiń áhmiyetli faktorlarınan bolıp tabıladı.

Qarım-qatnastıń formaları hám basqıshları ózine tán túrde quramalı bolıp, bunda túrli basqısh bar. Dáslepki basqısh - adamnıń ózi menen-ózi baylanısıwı bo'yınsha T.Shibutani "Sociallıq psixologiya" sabaqlıǵında: "Eger adam azǵana bolsa da ózin ańlasa, demek, ol óz-ózine kórsetpeler bere aladı" – dep durıs jazǵan edi. Adamnıń ózi menen qarım-qatnası negizinde onıń basqalar menen qarım-qatnasınıń xarakteri hám kólemin belgileydi. Eger adam ózi menen sóylesiwdi ádet etip alıp, bárqulla jámiyetten ózin shetlep, tartınıp júrse, demek ol basqalar menen sóylesiwde, til tabıwda úlken qıyınshılıqlardı bastan keshiredi, – dep aytıw múmkin. Demek, basqalar menen pikirlesiw – bul da pikirlesiwdiń basqıshlarınıń biri esaplanadı.

Haqıyqatında da, shaxslararalıq baylanıstıń bar bolıwı sebepli hár bir jámiyettiń óz mádeniyatı, mádeniy baylıqları, qádiriyatları qáliplesedi. Bunıń áhmiyetin tereń túsingen insaniyattıń eń aldıńǵı wákilleri onı mudamı keleshek áwladlar ushın saqlap, tálim-tárbiya hám kúndelikli qarım-qatnas procesinde áwladtan-áwladqa jetkerip otıradı.

Qarım-qatnastıń turmısımızdaǵı formaları hám kórinislerine keletuǵın bolsaq, onıń hár bir shaxstıń turmıslıq jaǵdaylarına sáykes keletuǵın, sol jaǵdaylardan kelip shıǵatuǵın kórinisleri hám túrleri haqqında aytıw múmkin. Biraq, ulıwma alǵanda, hár qanday qarım-qatnas rásmiy yamasa rásmiy emes túrde boladı. Eger rásmiy qarım-qatnas adamlardıń jámiyette atqaratuǵın rásmiy wazıypaları hám minez-qulıq normalarınan kelip shıqsa (mısalı, baslıqtıń óz qol astındaǵı xızmetkerler menen qarım-qatnası, professorlardıń studentler menen qarım-qatnası hám taǵı basqalar), rásmiy emes qarım-qatnas – bul adamnıń jeke múnásibetlerine súyenedi hám onıń mazmunı sol sáwbetleslerdiń pikir-oyları, niyet-maqsetleri hám emocional múnásibetleri menen belgilenedi [1, 2, 5].

Qarım-qatnas quramalı process bolǵanı ushın da ayırım alınǵan qarım-qatnas formasın analizlegende, onda júdá hár qıylı kórinisler, komponentler hám bólimler bar ekenligin anıqlawımız múmkin. Qarım-qatnastıń sociallıq tásir quralı sıpatında wazıypaları, shaxs rawajlanıwında tutqan ornı, onıń túrleri, formaları, basqıshları, psixologiyalıq dúzilisine baylanıslı maǵlıwmatlar, bilim, kónlikpe hám uqıplıqlar qáliplestiriledi.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, qarım-qatnas hám shaxslararalıq múnásibetler shaxstıń rawajlanıwınıń áhmiyetli faktorlarınıń biri bolıp esaplanadı. Insan óziniń sociallıq tájiriybesin, bilim hám kónlikpelerin qarım-qatnas procesinde qáliplestiredi. Unamlı hám nátiyjeli múnásibetler shaxstıń ruwxıy, intellektuallıq hám emocional rawajlanıwına xızmet etedi. Sol sebepli bilimlendiriw hám tárbiya procesinde, sonday-aq jámiyet turmısında kommunikativlik mádeniyattı rawajlandırıwǵa ayrıqsha itibar qaratıw kerek.

## Ádebiyatlar


1. Андреева Г.М. Социальная психология. – Москва: «Аспект-Пресс» 2020. -С. 345
2. Акрамова Ф.А. Ижтимоий психология. Ўқув қўлланма. -Тошкент: Низомий номидаги ТДПУ, 2007.
3. Адизова Т.М. Бошқарув мулоқоти психологияси. // Педагогика ва психология (Илмий – оммабоп серия) 2000/4, ТДПУ, 2000. 20-б.
4. Веденская Л.В, Павлова Л.А. Деловая реторика: учебное пособие для вузов. - Москва: ИКЦ "МарТ", 2004.
5. Ғозиев Э.Г. Муомала психологияси. ЎзР олий ва ўрта махсус таълим вазирлиги, Ўзбекстон Миллий университети. –Toshkent: «Noshir», 2001.
6. Немов Р.С. Практическая Психология Познание себя: Влияние на людей: Пособие для уч-ся. –Москва: Гуманит. Изд.Центр «ВЛАДОС», 2003.
7. Каримова В.М. Ижтимоий психология. –Тошкент:, «Ўзбекистон», 2021.
8. Леонтьев А.А. Психология общения. –Москва: «Смысл», 2018.
9. Расулов А.И. Ўқитувчи шахсининг тарбиячи сифатида ўқувчилар билан ўзаро муносабат даражалари. Дис. – Тошкент, 2001.